



Rapèl: Vini nan yon Sesyon Enfòmasyon Vityèl sou Admisyon!

Chè fanmi,

**Vin patisipe nan yon sesyon vityèl sou lekòl presegondè semèn sa a; premye a ap fèt demen!**

Tout sesyon yo ap fèt ann anglè, chak ap gen sèvis entèpretasyon nan diferan lang. Tcheke pi ba a pou wè pou ki lang y ap bay sèvis entèpretasyon nan chak aktivite.

- **17 oktòb, 5pm rive 6pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Bengali, Koreyen, Panyòl
- **18 oktòb, 5pm rive 6pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Chinwa (Mandaren), Kreyòl Ayisyen, Oudou
- **19 oktòb, 1pm rive 2pm** | Aktivite a ap fèt nan lang Anglè. Ap gen entèpretasyon nan lang: Arab, Fransè, Ris

**Kòman pou patisipe:**

- Chak sesyon ap fèt andirèk (live). Vin patisipe avèk nou sou Zoom lè aktivite a ap kòmanse, lè w klike la a: [bit.ly/2023FallMSEvents](https://bit.ly/2023FallMSEvents).
- **REMAK ENPÒTAN:** Tcheke imèl ou oswa [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle) de jou ouvrab avan aktivite a: n ap voye yon mesaj ba ou ki gen ladan lyen Zoom ak modpas w ap bezwen pou patisipe, ansanm avèk nimewo telefòn pou rele pou mande entèpretasyon nan lang yo bay yo.

**Ou p ap ka patisipe, oswa ou ta renmen gen plis enfòmasyon?**

- Ale nan [schools.nyc.gov/Middle](https://schools.nyc.gov/Middle). Yon anrejistreman ki gen soutitraj (caption) ap disponib sou sitwèb nou an de semèn apre premye aktivite a.

Bòn chans,

Ekip admisyon nan lekòl presegondè, Biwo enskripsyon elèv